**दिन–रविवार** **दिनांक–09.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि अछि जे रेलवे देश भरि मे सभ लेल तेज, सुरक्षित आओर आरामदायक रेल यात्राक विस्तार करबाक लेल पूरा तैयार अछि। ओ जनौलनि जे एहि बेरक केन्द्रीय बजट मे रेलवे लेल दस लाख छियासठि करोड़ टाका देल गेल अछि। आइ बेतिया मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे अगिला दू सँ तीन बरख मे दू सय नव वंदे भारत ट्रेन, एक सय अमृत भारत ट्रेन आओर पचास नमो भारत रैपिड रेल लोक सभ लेल यात्राक अनुभव मे क्रांतिकारी बदलि लाओत।

---

एहि सँ पहिने रेल मंत्री अश्विणी वैष्णव पश्चिम चंपारण जिला मे बेतिया आओर कुमार बागक बीच बनल रेल ओवरब्रिजक उद्घाटन कयलनि। ई ओवरब्रिज के बनि गेला सँ जिलाक चौदह प्रखंड जिला मुख्यालय सँ जुड़ि गेल आओर लोक सभ के भीषण जामक समस्या सँ राहत भेटल अछि। श्री वैष्णव बेतिया–पटना रेलखंड पर सिग्नलिंग व्यवस्था, ई मार्गक परियोजना आओर अमृत भारत स्टेशन के जाऽ कऽ देलखनि। एहि मौका पर कोयला राज्यमंत्री सतीश चंद्र दुबे, राज्य सरकारक मंत्री रेणी देवी, भाजपा सांसद डॉक्टर संजय जायसवाल आओर जदयू सांसद सुनील कुमार सेहो छलाह। रेलमंत्री किछु काल बाद पटना जक्शनक सेहो दौरा करताह। एहि बीच ओ विकास काजक जायजा लेताह।

---

प्रधामनंत्री नरेन्द्र मोदी कांग्रेस पर बिहार मे जातिवादक जहर घोरबाक आरोप लगौलनि अछि। दिल्ली विधानसभा चुनाव मे जीतक बाद पार्टी मुख्यालय मे आयोजित कार्यक्रम मे श्री मोदी जनौलनि जे कांग्रेस जाहि पार्टी सँ हाथ मिलाबैत अछि ओकर जनाधार समाप्त कऽ दैत अछि।

एहि बीच राजदक बरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक बयान पर अपन प्रतिक्रिया मे जनौलनि जे बिहार मे दिल्ली जेहेन स्थिति नहि होयत। ओ जनौलनि जे

लोकतंत्र मे जनता मालिक छथि, आओर भाजपा के दिल्लीक लोकसभ सँ कयल गेल वादा पर खड़ा उतरबाक चाही।

———————————————————

रेलवे सहरसा– अमृतसर जनसाधारण एक्सप्रेसक ललितग्राम धरि विस्तार कयल गेल अछि। ई ट्रेन बदलि कयल गेल नंबरक संग तेरह फरवरी सँ चौबीस अप्रैल धरि हरेक वृहस्पति दिन कऽ सहरसा सँ ललितग्राम धरि आओर चौदह फरवरी सँ पच्चीस अप्रैल धरि हरेक शुक्र दिन कऽ ललितग्राम सँ सहरसाक बीच चलत।

———————————————————

परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रमक आठम संस्करणके एहि वर्ष नव प्रारूप मे प्रस्तुत कयल जायत। आठ एपिसोडक ई कार्यक्रम काल्हि सँ नव दिल्लीक भारत मंडपम मे शुरू भऽ रहल अछि। परीक्षा पे चर्चाक पहिल कड़ी मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विद्यार्थी सभक संग गप–शप करताह। कार्यक्रम मे अभिनेत्री दिपीका पादुकोण, मुक्काबाज एम.सी मैरीकॉम आओर आध्यामिक गुरू जग्गी वासुदेव सहित कतेको क्षेत्रक नामी–गिरामी हस्ती सभ सेहो रहताह।

———————————————————

दक्षिण बिहार कतेको जिला मे काल्हि सँ तीन मार्च धरि बिजली बिल मे सुधार लेल अभियान चलाओल जायत। एहि मे गाम सभ मे विशेष शिविर लगाओल जायत। दक्षिण–बिहार पावर डिसट्रिब्यूशन कंपनी लिमिडेटक प्रबंध निदेशक महेन्द्र कुमार जनौलनि जे शिविर मे बिजली बिल सुधार, राजस्व वसूली, प्री–पेड मीटर सँ जुड़ल समस्या आओर नव कनेक्शन मे देरी सहित आनो–आन शिकायतक सेहो निपटारा कयल जायत। ई अभियानक निगरानी विद्युत विभागक कार्यपालक अभियंता आओर सहायक अभियंता करताह।

———————————————————

मुजफ्फरपुरक कांटी थाना हाजत मे एक युवकक मृत्युक बाद भेल हल्ला–गुल्लाक मामिला मे डेढ़ सय आज्ञात लोक सभ पर प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि। पुलिस पर हमला करब, सरकारी काज मे बाधा पहुंचायब आओर सरकारी संपत्ति के क्षति करय सँ जुड़ल फराक–फराक धारा मे हिनका सभ पर प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि।

———————————————————

फाईलेरिया मुक्त बिहार बनेबाक लेल काल्हि सँ प्रदेशक चौबीस जिला मे फाईलेरियाक दवाई देल जायत। स्वास्थ्य विभागक अपर निदेशक डॉक्टर वाई.एम. पाठक जनौलनि जे ई

अभियान मे कतेको विभाग आओर कतेको गैर–सरकारी संगठन मददि करत। ई अभियान मे लाभार्थी सभ के दू दवाई अल्बेंडाजोल आओर डीईसी देल जायत।

——————————————————————

पछिया हवाक प्रभाव सँ प्रदेशक औसत तापमान कमल अछि। रौद उगलाक बादो लोक सभ के ठंढ़ाक सोझा करय पड़ि रहल छनि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला बहत्तरि घंटाक बीच न्यूनतम तापमान तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि बढ़ि सकैत अछि। ओतहि, भोर काल राज्यक उत्तरी क्षेत्र मे हल्लुक सँ मध्यम स्तरक कुहेस छाओल रहत। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बीच छओ दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमनक संग बांका राज्यक सभ सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल। राजधानी पटनाक न्यूनतम तापमान तेरह दशमलव दू डिग्री सेल्सियस रहल।

——————————————————————

समाप्त